# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–31 जनवरी 2026** **भोजपुरी समाचार**

वित्त मंत्री निर्मला सीतारामन बिहने लोकसभा में बरिस दुई हजार छब्बीस सत्ताइस क केन्द्रीय बजट पेस करिहें। लोक सभा के बाद बजट क प्रति राज्यसभा में पेस कइल जाई। संसद में बजट भासण पूरा भइले के बाद बजट क प्रति मोबाइल ऐप अउर वेबसाइटों पर उपलब्ध होई।

येह बिच्चे सरकार सोसल मीडिया के ओह ख़बरन क खंडन कइले हवे, जेहमें केन्द्रीय बजट दुई हजार छब्बीस–सत्ताइस क प्रति मैसेंजर ऐप पर लीक भइले क दावा कइल जा रहल बा। पत्र सूचना कार्यालय क तथ्य जांच इकाई येह दावा के निराधार बतवले हवे। इकाई कहलसि कि परसारित हो रहल एगो फोटो पछिला बजट क हौ, जवन डीजिटल रूप से संपादित कई के दुइ हजार छब्बीस सत्ताइस क बतावल गइल हौ।

**********

केन्द्रीय पर्यावरण, वन अउर जलवायु परिवर्तन मंत्री भूपेंद्र यादव देस में रामसर के फैलाव में दुइ गो नया नम भूमि क्षेत्र के सामिल कइले क घोसणा कइले हवे। ई दुन्नों इलाका उत्तर प्रदेस में एटा जिला के पटना पक्षी अभयारण्य अउर गुजरात में कच्छ जिला के छारी–ढांड में हवे। श्री यादव बतवले कि प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अगुवाई मे भारत के रामसर फैलाव क नेटवर्क दुई हजार चउदह में छब्बीस जगहिन से बढि के येह समय अन्ठानबे हो गइल हवे। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी येह दुन्नों जगहिन के रामसर स्थलन के सूची में सामिल कइल जाए पर खुसी जतवलें हवें। एटा जिला के पटना पक्षी अभयारण्य के नम भूमि क्षेत्र में सामिल कइले पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ नागरिकन के बधाई देत कइलें हवे के प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के अगुवाई में पर्यावरण संरक्षण के प्रतिबद्धता के वैश्विक पहचान मिल रहल हौ।

**********

मतदाता सूची के विशेष गहन पुनरीक्षण–एसआईआर के तहत निर्वाचन आयोग के निर्देश पर आजु सगरों बूथन पर खास सिविर क आयोजन कइल गइल। येह बूथन पर बीएलओ सज्जो जरूरी प्रपत्रन के साथे मौजूद रहलें। एगो रिपोर्ट–

***एसआईआर के तहत त्रुटिरहित मतदाता सूची बनाने का कार्य लगातार जारी है। इसी क्रम में छः जनवरी को प्रकाशित ड्राफ्ट मतदाता सूची का प्रदर्शन आज प्रदेश के सभी बूथों पर विशेष शिविर लगाकर किया गया। इस अवसर पर बीएलओ ने लोगों की जिज्ञासाओं का समाधान किया। साथ ही कहा कि जिन लोगों के नाम ड्रफ्ट मतदाता सूची में नही है वे घोषणा पत्र के साथ फार्म–6 भरकर उपलब्ध करा दें। समाचार कक्ष से रीतेश।***

मऊ में जिलाधिकारी प्रवीण मिश्र कइ गो बूथ क निरीक्षण कइ के मतदाता लोगिन से बतियवलें अउर बीएलओ के निरदेसित कइले कि कवउनहू पात्र नया मतदाता क नाव छूटे के ना चाही।

**********

केन्द्रीय सड़क, परिवहन आ राजमार्ग मंत्रालय आजमगढ़ अउर जौनपुर जिला खातिर दुई गो अहम फोरलेन सड़क परियोजनन के मंजूरी दिहले हवें। केन्द्रीय सड़क परिवहन मंत्री नितिन गड़करी सोशल मीडिया पोस्ट में बतवलें कि आजमगढ़ में पन्द्रह किलोमीटर लम्बाई वाले फोरलेन दक्षिण–पूर्व बाइपास के निर्माण खातिर एक हजार दुई सौ ओन्यासी करोड़ तेरह लाख रूपिया क लागत मंजूर कई दिहल गइल बा जबकि जौनपुर में बारह दशमलव दुई किलोमीटर लम्बाई वाले फोरलेन वेस्टर्न बाइपास के बनावे खातिर नौ सौ चौवालीस करोड़ उन्नीस लाख रूपिया क लागत मंजूर कइल गइल बा।

**********

उत्तर प्रदेस लोक सेवा आयोग बरिस दुई हजार छब्बीस में आयोजित होखे वाली प्रतियोगी परीक्षा क वार्षिक परीक्षा कैलेंडर जारी कई दिहले हौ। येह में चार दिवसीस पीएसीएस दुई हजार पच्चीस क मुख्य परीक्षा ओन्तीस मार्च से सुरू होई। पीसीएस दुई हजार छब्बीस क प्रारंभिक परीक्षा का तिथि छौ दिसंबर के प्रस्तावित कइल गइल बा।

**********

देसभर में किसानन के पचीस करोड़ से बेसी मृदा स्वास्थ्य कार्ड बांटल गइल हवे। बरिस दुई हजार पनरह में सरकार भूमि में पोसक तत्वन के कमी के दूर कइले के उद्देश्य से ई योजना सुरू कइले रहे। पछिला बरिस जुलाई ले येह योजना में तिरानबे हजार से बेसी किसानन के ट्रेंनिग दिहल गइल हौ। खेत के छौ लाख से बेसी अवलोकन कार्यक्रम आयोजित भइल अउर हजारों जागरूकता कार्यक्रमों चलावल गइल। एगो रिपोर्ट–

***मृदा स्वास्थ्य कार्ड हर दो वर्ष के अंतराल पर वितरित किए जाते हैं, जिनके माध्यम से भूमि की भौतिक–रसायन जानकारी और पोषक तत्वों की स्थिति के बारे में सूचना का प्रसार किया जाता है। मृदा स्वास्थ्य कार्ड किसानों को फसल आधारित खेती करने और सही मात्रा में उर्वरक तथा रासायनिक तत्वों के इस्तेमाल की जानकारी प्रदान करते हैं। इसमें जैविक उर्वरक और खाद के सही उपयोग के तरीके भी शामिल हैं। दीपेन्द्र की रिपोर्ट के साथ समाचार कक्ष से जागृति शर्मा।***

**********

गोरखपुर के लेके प्रदेस के कई गो जिलन में लगतारे दुसरका दिन्ने भिन्नही से असमान में बादल छवले रहल। येह बिच्चे मौसम विभाग पूरबी उत्तर प्रदेस में अगिला तीन दिनन में गरज चमक के साथे हल्लुकाहें बरखा क आगम जतवले हवे। बिहने कुछु जिलन में सितियों पड़ि सकेला।

**********